



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

KREYE TRAVAY AK ENÈJI PWÒP: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON 25È PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAB PA ETA NOUYÒK SOU KATRAN

Plis pase 3.6 GW enèji renouvlab nan gwo echèl nan filyè enèji pwòp la

*135 MW enèji solè pwòp nan Konte Livingston pou alimante plis pase
18,000 kay ak sipòte 150 travay konstriksyon lokal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta Nouyòk te pèmèt 25 pwojè enèji renouvlab a gwo echèl pandan kat dènye ane yo, ki reprezante 3.6 jigawat nouvo enèji solè ak enèji ewolyèn nan filyè enèji pwòp eta a. Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) Eta Nouyòk la te bay yon pèmi enplantasyon final pou pwojè White Creek Solar pou devlope, konstwi, ak opere yon pak solè 135 megawat (MW) nan komin York ak Leicester nan Konte Livingston. Sa make 20è pwojè enèji pwòp ORES te apwouve depi 2021, lè li te kreye pou akselere pèmi pou jenerasyon enèji renouvlab.

"Pak White Creek Solar nan Lwès Nouyòk montre pwogrè Eta Nouyòk ap fè nan kreyasyon yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk pwotokòl enplantasyon rafine atravè etablisman ORES sa gen kat ane, Nouyòk ap akselere pèmasyon pou pwojè enèji pwòp pou reyalize yon ekonomi enèji pwòp pandan y ap kreye travay ki byen peye ki benefisyè kominote yo atravè eta a."

Nouvo etablisman solè a pral genyen de pak solè ak ekipman sipò ki asosye, ansanm ak yon soustasyon entè-koneksyon, kloti, wout aksè ak yon bilding pou operasyon ak antretyen. Etablisman an pral entèkonekte ak rezo elektrik Nouyòk la atravè yon nouvo pwèn Entèkoneksyon, ki sitiye sou yon liy transmasyon Rochester Gaz & Elektrik. Avantaj kominote akèy yo enkli kreye djòb pèmanan pandan operasyon yo, depans taks sou pwopriyete lokal yo, depans lokal ak rejyonal yo, ak yon akò kominote akèy ak vil York ak Leicester, tout sa yo san yo pa ogmante anpil depans pou otorite lokal yo, distri lekòl yo, oswa sèvis ijans yo. Avantaj yo pral gen ladan amelyorasyon wout piblik yo, ogmante revni taks pou finansman enfrastruktir lokal yo ak sèvis piblik yo, lekòl yo ak lòt priyorite kominote yo.

Zeryai Hagos, Direktè Egzekitif Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab ak Transmasyon Elektrisite, te deklare, "Avèk emisyon pèmi enplantasyon pou White

Creek Solar, ORES kontinye avanse politik enèji pwòp Nouyòk la k ap mennen nan peyi a pandan l ap reponn ak opinyon kominote a epi pwoteje anviwònman an."

Desizyon Biwo a pou etablisman sa a swiv yon pwosesis revizyon detaye ak transparan ak patisipasyon piblik solid pou asire pwojè yo pwopoze a satisfè oswa depase egzijans Atik VIII Lwa sou Sèvis Piblik Eta Nouyòk la ak règleman enpleman li yo. Yo te jije aplikasyon pou enstalasyon solè a konplè 21 jiyè 2024, ak yon pwojè pèmi ki te pibliye pa Biwo a nan dat 13 septanm 2024.

White Creek Solar se 20è pèmi ORES bay depi 2021, ki reprezante plis pase 2.9 jigawat (GW) nouvo enèji pwòp. Enèji solè a fè pwogrè enpòtan nan objektif enèji pwòp Nouyòk yo pandan y ap etabli Eta a kòm yon egzanp pou pwosesis efikas, transparan, rigè, nan pwosedi otorizasyon enplantasyon ki pèmèt gwo enstalasyon enèji renouvlab.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale sou sitwèb ORES la nan <https://ores.ny.gov/permit-applications>.

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)